Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гъаракь

(Голос Цумады)

2025 соналъул 1 август Рузман № 32 (78102) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12+

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

**Райадминистрациялда**

## Хъулухъалъулаб гIадлу-низамалъул суал борхана

30 июлалда райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас тIобитIана учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби гIахьаллъараб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъуна районалъул администрациялъул цо-цо отделазул нухмалъулез ва хIалтIухъабаз хъулухъалъулаб жавабчилъи тIубалаго риччан толел гIунгутIабазул хIакъалъулъ суал.

-Мех-мехалъ цо-цо жавабиял хIалтIухабаз, гIиллаго гьечIого, кватIун тIуразарулел руго хIукуматалъул тIадкъаял тIуразе кьурал кагътал, биччалеб буго хIалтIулъ кIвар гьечIолъи, гьелъ бижизабулеб буго гIадамазул хIукуматалдехун божунгутIи.



Гьединал хIужаби районалъул администрациялда рукIине бегьуларо. Нилъ ккола хIукуматалъул вакилзаби, нилъер хIалтIулъ букIине ккола дурусльи-ян абуна Халилула МухIамадовас райадминистрациялда жавабиял хIатIухъабаз хъулухъалъулал ишал тIуразариялда сверухъ лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъул бицунаго, ва хIлтIухъабазда тIадкъана къокъабго болжалалда хIалтIулъ ругел гIунгутIаби лъугIизаризе.

КIалъазе яхъарай райадминистрациялъул аппаратальул нухмалъулей Асият Ибрагьимовалъ лъикIаблъун рикIкIана отделалъул нухмалъулезе ва жавабиял хIалтIухъабазе документазулгун гьарулел хIалтIуе малъа-хъваялъулаб кумек щвезе щибаб анкьалъ хIалтIи гIуцIи ва гьабулеб хIалтIул хал ккве букIинаби.

**Райадминистрациялъул пресс-хъулухъ**

**Юбилей**

## Лъайкьеялда гIумру арай

Районалъул чIахIияб гIелалда лъикI лъала ХIалимат Супьяновна ИзмагIилова. ХIалбихьи бугей мугIалималъ гIезегIан цIалдохъабазе дарсал ва тарбия кьуна гIемерал соназ.



ГIаданлъи, гIакъиллъи, иман бугей, берцинаб гьимигун, магIарулалъул яхI-намус цIунарай йикIана ХIалимат Супьяновна учительлъиялъул заманалда, гьединайлъун хутIана жакъа къоялъги.

Гьей гьаюна рикIкIадаб 1935 соналъ. Хъизаналъул гIумру букIана букIинеселъул ургъелалъ, хIалтIана росдал магIишаталда. Бигьаяб букIинчIо гIумру рагъул ва рагъдаса хадусел соназги, киналго захIмалъаби къинарун хIалтIана Супьянил хъизан.

-ЦIакъ захIмат букIана. Амма халкъалъ хIехьана захIмалъи, гIумру лъикIлъана. Нижер хъизаналда кидаго рукIана гьудуллъиялъулал гьоркьорлъаби, ниж гIуна рокьи-хинлъиялда. ГьитIинаб къоялдаса нахъе ниж ругьунлъун рукIана хIалтIуде ва кидаго эбел-инсул гуребги, чIахIиязулги гIисиназулги адаб-хIурматги гьабулаан. Эбел-инсуе мутIигIлъунгутIи букIинчIо пикрабалъцин. Тарбия букIана магIарул гIадатазда рекъон: инсул рагIи ккола къанун. Школалда ва институталда лъикI цIалана. «КIолищ дуда гьаб тIубазабизе?» -абураб къагIидаялда рукIунаан нижее дарсал,-абун бицунаан ХIалимат Супьяновналъ. -Нижецаги хIаракат бахъулаан гьеб тIубазабизе ва, хадубккун, мугIалимлъун дунго яхъиндалги гьебго къагIидаги хIалтIизабулаан дирго хIалтIулъ.

Узухъда, гIолохъанай специалист хIисабалда гьелъиеги байбихьуда бигьа букIинчIо хIалтIи бачине, амма магIарулай къуркьичIо. Батана цIалдохъабазулгун гIаммаб мацI. Сабруялъ ва къвакIиялъ кумек гьабуна гьелъие махщел камиллъиялде унеб нухда ругел киналго квекIенал къинаризе. Чан батIияб бакIалда дарсал кьезе кканиги, мугIалималъ хIалтIул тIоцересел къояздасаго нахъе хIалбихьи цIикIкIарал мугIалимзабазул мисалалдаса пайда босизе, цIалдохъабазулгунги гара-чIвариял гьаризе. Математика гIелмабазул хан кколин абуниги, гьелдаго бащад тарбиягун гIадлу-низамги цо кьерда чIезарулаан ХI.ИзмагIиловалъ. Чанги рукIана гьелъул захIматалъулаб гIумрудулъ цIалдохъанасулгун лъай-хъвай гьесул рокъое щвеялдасан байбихьараб. Гьелъул магIна ккола мугIалималъ кинаб сверухълъиялда, психологияб ахIвал-хIалалда лъимер гIолеб ва гьелъие тарбия щолеб, дарсиде хIадурлъизе кинал шартIал гьелъул ругебали лъазаби. Класалъул нухмалъи мустахIикъаб буго батIаго рагIи абизе, щайгурелъул учителасул хIалтIулъ гьелъ кIудияб бакI кколелъул. КIикъоялда анцIгоялдасанги цIикIкIун соналъ хIалтIана ХIалимат ИзмагIилова мугIалимлъун. ГIумрудул гьудул Закариягун тарбия-лъай кьун гIезаруна медицинаялъул гIелмабазул кандидатал-ясал Наида ва ХIабсат, гIемерал соназ ДГУялда хIалтIарай Жавгьарат, Асият ва Загьидат. Наида гьабсагIат хIалтIулей йиго тохтурлъун Германиялда. ХIабсат хIалтIулей йиго Москваялъул Югалъулабгун-БакътIерхьул округалъул лъималазул бетIерай гастроэнтерологлъун.

Гьал къояз 90 сон тIубала гIун бачIунеб гIелалъе лъай ва тарбия кьеялда гIумру арай педагогияб захIматалъул ветеран ХIалимат ИзмагIиловалъул.

ГьабсагIат гIумру гьабун йиго МахIачхъалаялда.

**Мадина ИзмагIилова**

## Пачалихъиял премиябазе мустахIикълъана

Гьал къояз Дагъистаналъул БетIерасул Указалдалъун (№120,23.07.2025) Дагъистан Республикаялъул пачалихъиял премияби кьуна гIелмуялъул, техникаялъул, литератураялъул, публицистикаялъул, искусствоялъул ва архитектураялъул бутIабазда 2023 соналъ гьабураб хIалтIухъ.



Гьезда гьоркьор руго нилъер райнцоялги.

Республикаялъул хехаб кумекалъулаб клиникияб больницаялъул бетIерав тохтур ТIиндиса ИмангIалиев МухIамадие щвана пачалихъияб премия «Паховая грыжа. Проблемы и новые перспективы» абураб хIалтIухъ.

Гьединго гьеб премиялъе мустахIикълъана Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ «ХъахIал къункъраби» мемориалияб комплекс барал Дагъистаналъул халкъияв художник Гьигьалъа ГIали МухIамадов ва гьесул васал МухIамад, Тимур ва Шамил.



Баркула районцоязда щварал шапакъатал, гьарула хадухадубги хIалтIулъ лъикIал хIасилал, гьабулеб ишалъулъ икъбал.

Маданият ва адабият

# ГIанди хIорихъ миллияб фольклоралъул гор-сверуда

Анищ букIана цониги нухалъ «ГIандадерил буртина» абураб фольклориябгун миллияб культураялъул республикаялъул фестивалалда гIахьаллъизе. Лъале-хъвалезги гIемер бецщулаан ахирал соназ миллияб адабиятгун маданият,



ва миллияб мацI цIуни мурадалда тIобитIулеб гьеб, интернетгун телевидениялъги гIемер бицулаан гьелъул. Ахир-къадги тIубана анищ, щвана Болъихъ районалъул ГIандадерил хIорихъ тIобитIараб фестивалалде.

Исана гьеб тIобитIана микьабилеб нухалъ. Гьенире унаго нухда букIараб автомашинадул къадар рикIкIун рагIалде щолеб букIинчIо. РекIее лъикIаб асарги лъугьунеб букIана, сундухъго балагьичIого, миллиял тадбиразде гIишкъу бугезул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб бугин абурал пикрабаз. Тадбир тIобитIулелъуре гIагарлъанагIан, бицун хIалкIолареб асар гьабулеб букIана рекIее бакI-бакIаздаса раккулел кIкIуйгун бетарал гьайбатал махIазги, щибалда росдал цIаралги хъварал, кванил нигIматаз гьарзаго цIурал столалги ругел росабазул майданазги, гьенир рицунел рукIарал миллиял мацIазул гIемерлъиялъги ва Дагъистаналъул Конституциялъул къоялдегун КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса 80 сон тIубаялде хурхинабураб



фестивалалда гIахьаллъаразул гIемерлъиялъ. Гьел рукIана Болъихъ ва сверухълъиялда ругел районаздасан гурелги, Россиялъул батIи-батIиял регионаздасанги ва мадугьалихъ ругел Чачаналъа рачIарал фольклориял къокъабигун культураялъул управлениязул коллективал ва гIадатиял гьалбал. Гьезул миллияб ратIлица ва щибаб майданалдаса рагIулел умумузул некIсиял бакъназ сверухълъиго къальизабун букIана.

Фестивалалъул гIуцIарухъабазе ракI-ракIалъулаб баркала гьенир гIахьаллъарал киназулго цIаралдаса. Гьеб тIобитIана тIадегIанаб даражаялда. Тадбиралъул ин къальизабулеб букIана вацlъиялъул кIиго республикаялъул чIухIилъун жиб кколеб ГIандадерил хIорил ва гьелда сверухъ бугеб тIабигIаталъул берцинлъиялъ, гьенир гIуцIун рукIарал санагIалъабаз, бетIералда Болъихъ районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовгун гьалбадериде гьабулеб букIараб ракI рагьараб дандчIваялъ, щибаб майданалде аскIоре ахIун, росдал тарихалде ва гьелъул гIумруялде гьабулеб букIараб гьитIинабго экскурсалъ. Щивасе рес щвана миллияб богорукъалъул батIи-батIияб кванил хIалбихьизе, гьелъул бальголъаби лъазе ва щибаб росдал маданияталъулгун лъай-хъвай гьабизе.

Хасаб баркала буго жидерго районги ракьги чIухIадго рехсон цере рахьарал фольклориял къокъабазеги. Чачаназул Веденогун Шалиялдаса, ГIахьвахъ, Гъуниб, ЧIарада, Шамиль, ЦIунтIа,




Гумбет, Хунзахъ, Унсоколо ва цогидалги районаздаса рачIарал къурдухъабазгун кочIо-хъабаз рихьизарурал миллиял къурдабазгун жиде-жидер ракьалъул гIадатаз ва ахIарал кучIдуз босун унеб букIана сверухъльиго. РоцIцIараб зодихъе роржунел берцинал макънал Чачаназул рахъалда бугеб хIорил рагIалде гурелги, сверухълъиялдего росун унел ругин гьороцаян кколаан сценаялда ва майданазда ахIулелъул. Гьадинал, гIагараб авар мацIалде рокьи бугел, рагIулгун кечI-бакъаналъул магIна лъалел ва гьелъул къимат гьабулел гIадамал ругебгIан мехалъ, хвеларин ккола мацIалъул бечелъиги, бечедал, авар гурелги, Дагъистаналъул миллаталги.

БатIаго абизе бокьун буго Болъихъ районалъул культураялъул управлениялъул коллективалъул рахьалъги цо-кIиго рагIи. Рохалилаб тадбир рагьана гьез ва росабазул хIухьбахъиялъул центразул творческиял коллективаз жакъа къоялде щвезегIанги гIемерисел росабалъ цIунун хутIараб тIоцебесеб рахъ бахъиялъул «Оцбай» байрамалъул лахIзаталги рихьизарун.

ГIандадерил фестивалалъ данде гьаруна Дагъистан ва Чачан республикабазул гурелги, улкаялъул батIи-батIиял регионаздасанги гьалбал, щулалъизабуна гьудулльи-вацlъи. Гьеб ва гьелда релълъарал цогидалги фестивалал ккола районазул культурияб гIумруялъулъ гвангъарал лъалкIал нахъе толел, жал цIунизе ва гIун рачIунел гIелазухъе кьезе кколел, миллияб культураялъул лъикIабщинаб ва мацIгун цIаралги цIунарал тадбирал. Миллияб ретIел-хьиталда хьвадулезул гвангъарал кьераз, кьер-кьерал чадираз, бакI-бакIаздаса баккун-тIерхьун букIараб кIкIуйдул махIаз ва батIи-батIиял кванил нигIматаз, гIахьалчагIазулгун тадбиралъул гьалбадерил гвангъарал, рохалил цIурал гьурмаз къальизаруна Казеной-Ам хIорил рагIаллъаби ва гьелда тIаде къуларал, гIурччинлъиялъгун махI берцинал тIугьдуца рацарал мугIрузул расалъаби. Фестиваль ана лъикI, тIадегIанаб гIуцIалилаб даражаялда, тIасияб соналъги, Аллагьас хьван батани, гьенирго дандельизе кьотIиги гьабун, Руслан ХIамзатовас хIурматиял гьалбадерил гьажазда ракIалдещвеялъе буртабиги ран. Баркала байрамалъухъ киназего…

Абухъего, гьалдалъун пардав бачинеги бегьилаан фестивалалъул сценаялде цебе, цо амма букIинчIебани. Гьеб ккола миллияб ретIел-хьит ретIаразул кьерулъ, кигIан хал гьабуниги, нильер районалъул культураялъул управлениялъул хIалтIухъабазда бер чIвачIолъи. Дида рихьун ратичIониги, рукIун ратизеги бегьула гьел гьенир, амма лъида гьикъаниги, гьенир рукIарал нильерго цIумадисездаха, нильер культураялъул хIалтIухъаби рихьарав чи ватичIо. Гьезги дидаго гьикъулеб букIана дун гьелгунищ ячIараян. Цо кидаялиго рикIкIадасан вихьана КIванадаса СагIид, ккун кодоб магIарул тIамургун кечI ахIулев. АскIое щведал, гьесги гьадабго суал диего кьуна. МахIачхъалаялдасан Болъихъеги, Болъихъан ГIандивеги жиндирго чвантинисан гIарацги кьун, таксиги ккун, вачIун вуго гьев гьениве. Берцин букIинароанищ цеве-цеве гьевгун, нильер районалъул вакилзабазги гьениб гIахьаллъи гьабурабани.

Кир ругел мадугьалзаби-цIумадисел?- ан гьикъулел течIого гIахьвалалгун бальхьалги, бакълъулалгун цIунтIалги. ЛъагIалида жаниб цо-кIиго тIобитIулеб гьединаб тадбиралда гIахьаллъизе махщелги гьунарги бугел кочIохъабигун къурдухъаби дагьалищ ругел нильер. ЧIумалги чIвабиги кодор ккурал чагIи рукIиндал нильер умумул, щай нильеца гьел рехун толел, нильги гьезул ирсилаллъидал.

Районалъул нухмалъиялъги культураялъул управлениялъги кIвар кьезе ккела гьеб рахьалдеги. Баркала фестивалалъул гIуцIарухъабаз жиндир къиматги гьабурав, гIенеккарал панальиледухъ кечIги ахIарав, цо-цо свери къурдулги бахъарав СагIидие.

**Хадижат Залимханова**

ГIадамал ва ишал

# Гъадири хIухьбахъиялъул база

РакIалда руго цо анцIго соналъ цебе Хуштада бугеб «МугIрузул тIогъал» хIухьбахъиялъул базаялде Германиялдаса щварав цо гъоболас сверухъ бугеб берцинаб тIабигIаталъ асар гьабиялъ, эркенго цIан хIухьелгун, абурал рагIаби:

«Гьадинаб гьайбатаб, балагъун бер гIорцIулареб тIабигIаталда эркенго хIухьелги цIан, хIухьбахъизе ккани, нижеца кьезе кола гIемераб гIарац, гьардарал гурищца нуж, кавказалъулал, гьаб нигIматалдаса чIобого пайда босизе Аллагьас рес кьурал,- абун. -Щиб жо бихьизе унел нужер гIадамал чидар улкабазде, гьанибго Алжанги букIадго? ТIокIабги лъикIаб бакI туризмалъе букIине ресго гьечIо!».

Нилъерго бак1алъул кьимат гьабуларин нилъецаян ккана дидаги ракIалде.

Ана сонал, хисана гIадамал, хисана халкъалъул рукIа-рахьин, яшав, хисичIеб жо буго цохIо замана. Гьеб добго буго. БакI-бакIазда раккана берци-берцинал гостиницабазул бакIалда «гьалбадерил рукъзал» абун цIарги хисун, хIухьбахъиялъе шартIалги гIуцIарал бакIал. Сонидаса сониде цIикIкIизе байбихьана районалде рачIунел туристазул къадар, хисулеб, лъикIлъулеб буго гIадамазулгун росабазул социалияб-гун экономикияб цебетIей. Туризм кколелъулха гьелъул аслияб шартIазул цояб-бича-хисиялъе кверба-къулеб алат.

ГьигьалъгIурухъ, Гьимерсо, Хуштада, Инхокъвари, Сильди, Гъоркьгьакквари, гьал къояз Гъадири-хIухьбахъиялъул базабазул адресалги цIикIкIунел руго, МухIамад Шамхаловас абухъего, тIабигIияб бечелъи барахщичIого щвараб, щибаб рахъ рекъон ккараб нилъер районалда. Щибаб росдал буго бечедаб тарих, жиндирго гIадат, гIамал, хасльи. КинабгIаги Гьоорги Гьамсукьги жиндихъе щолареб цохIо Балъхакьи кули гIеларищ жиндир ракьалда ратулел ганчIил оммониталгун тира-сверизе?! Туризмалъул пайдаял рахьалги хIисабалде росун, гIаммал тадбирал-данде-руссинал (мавлидал, бертаби) тIоритIизе росдае бугеб кIварги бичIчIун, ралел руго нилъер росабалъги гьанже хIухьбахъиялъул бакIал.

Гьедин рагьана дагьаб цебе Гъадири росдал «Косудан» абулеб бакIалда росдае ва гьалбадерие пайдаялъе хIухьбахъиялъул база МухIамадшапи ЖахIбаровасул, ГIиса ТIагьировасул, Нурудин Къагьировасул, Г1абдулкарим Керимовасул, Расул Идрисовасул ва МухIамадхIабиб ГьитIинмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь. Районалдаса ва район бахун къватIисанги рикIкIен гIемерал росу-ракьцоялги ахIун, рохалилаб ахIвал хIалалда тIобитIана гьениб гьеб рагьиялъул тадбир. Гьеб рагьиялъе аслиял масъалабазул цояблъун ккола жидерго гьитIинаб ватIаналъул хIакъалъулъ росу тун рикIкIада ругезда ва кIванагIан цIикIкIун г1адамазда лъай.

Мух1амадшапи ЖахIбаровасул рагIабазда рекъон, хIухьбахъиялъул база рагьизе росуцоязул пикру ккун буго жидерго гIагараб росдал хIакъалъулъ республикаялда гуреб, тIолабго улкаялдаго бицине, гьелъул кинабго берцинлъи бихьизабизе бугеб кIудияб анищалдаса.

-Дагьал гьечIелъулха гъадирисел республика бахун къватIирехунги. Гьелги чIухIарал рукIинарищха жидерго росу-ракьалъул беричаб тIабигIаталдаса: рии бакьулъги гIазу камуларел мугIрузул тIогьаздаса, нуралъул кьерал ругел тIугъдуздаса ва гьел жидерго лъале-хъвалезда рихьизаризе ругел ресаздаса. ГIадада гурелъул Расул ХIамзатовас абураб жиндир орден-медалал Дагъистаналъул мугIрузул каранда ралин жиндасангоги рахъун абун. Нилъер районалда буго миллат гьабурасе гIумрудул дарсал кьезе чанги къиса, мисал, бакI ва хутIарабщинаб. Дир эбел-инсул ватIан, дир кинигун гьансито ккола Гъадири росуги, гьелъул тарихги дие ва гъадирисезе,-ян абуна Мух1амадшапи Жах1баровас.



-Чидар ракьалдеги ине ккола, добасанги лъикIабщинаб босисе, бачIизе бегьула нилъеего, берцинлъи кибго букIуна, гьенибги гIемераб жо букIуна нилъеда бихьизе, лъазе кколеб, бегьулеб. Ва, аммаха, щибго хисиларо дирго Гъадири росдал мугIрузухъгун лъаралъухъ, расалъабазухъ ва мегъазухъ, риидал квадроциклаздагун мотоциклазда хьвадизеги рес буго гьел, лъарахъ ччугIа кквезе санагIат бугеб, чуязда рекIун тира-сверичIого чара гьечIел,-ян абуна ГIиса ТIагьировасги. -ХIанчIил рорженалъул борхалъудаса бихьизе рес буго гьалбадерида дир районалъул ва мадугьалзабазул тIабигIаталъул беричлъиги, гьайбатлъиги. Гъадирисезул бетарахьалъул тIагIамалъул бицинчIого телин, жидецаго кьимат кьезе.

ХIухьбахъиялъул базаялда гьабураб х1ухьбахъиялъ гьалбадерие лъикIаб асар гьабизе букIиналда ракIчIезабуралрукIанагьенирг IахьаллъаралхIурматиял гьалбал, зах1маталъул ветеранал ГьалбацIгIали Мусаевасул, Расулуллагь ХIадисмухIамадовасул, «Дагмелиоводхозалъул» нухмалъулев МухIамад Юсуповасул ва цогидазулги пикраби. Росулъ тIоритIулел гIаммал тадбиразеги санагIатаб бакI буго гьеб, цадахъго к1инусого1анасев чиясе хъулухъ гьабизе рес бугеб.

Каспий ралъдал рагIалда рагьулел руго туристазе гIемерал бакIал, гIадатиял гIадамазецин гIарцухъ гурони гьенире ине ресги течIого. Гьелдаго цадахъ, дагь буго муг1рузул районазде кьолеб кIвар.

Киса кибего гIадин, сонал анагIан чIорогольулел руго нилъер росаби, цIикIкIунеб буго лъикIаб гIумру ц1ехон, г1ат1иракьалде гочунезул къадар. Химикатаз цIурал нигIматалги кванан щиб лъикIлъи букIинеб? МагIишат цебетIеялъе кIудияб кIвар букIана росдал гIадамазул: гьанир гIезарулелъулха пихъгун овощал ва гьангун рахьдал нигIматал. Боц1и хьихьи, хур бекьи, ах г1езаби ва бича-хиси кколелъулха аслияб маг1ишат росдал халкъалъул.

«Мадугьаласул магIишаталда балагье, дурабго жеги лъикI бачe»,-абураб кицигги кьочIое босун, тIубараб лъагIелалъ росдал гIадамазе ва туристазе пайда босизе бакI бана росдал г1олохьабаз. МагIарул пейзажал рихьизе ва шагьаралъул ахIи-хIуралдаса рикIкIада хIухьбахъизе рес буго киназулго. Гьелъухъ гьезие баркала кьолеб буго росуцояз. Росдал жамгIияталъул рукIине руго гьенир хъулухъалъе хIалтIухъабиги. ТIолго хIалтIаби рагIалде рахьун гьечIо гьенир, жеги тIадран унел руго гьел. Риидалгун ихдал ва жанируссалихъ хIухьбахъизе рес буго гьениб. Интернет-бухьеналъе шарт1алги гьенир ч1езарун руго. Нилъер гIадамазул гIадат буго квешабщинаб туристаз бачIунин нилъехъеян абулеб. Щибниги квешлъи бачIунаро туристаз, гьелъул гIаксалда, чанги цIильи бачIани гурони.

Гъадирисел рохун руго хIухьбахъиялъул цIияб лагералдаса. Гьелъ рес кьела росдал гIадамазе гьан-нах бича-хисиялде тIадеги, хIалтIулал бакIал щвезеги.



Баракатаб батаги «Косудан» хIухьбахъиялъул лагерь. Рохалие гурони, тадбирал тIоритIизе хьван батугеги гьениб.

**Хадижат Залимханова**

Всемирный день борьбы с гепатитом

## Знание и профилактика спасают жизни

28 июля во всем мире проводится Всемирный день борьбы с гепатитом - заболевание, которое остаётся одной из главных угроз здоровью человека. Цель этого дня – повысить информированность населения о путях передачи, методах профилактики и важности своевременного обследования.

**Почему это так важно?**

Вирусные гепатиты (A, B, C, D и E) ежегодно поражают миллионы людей. Наибольшую опасность представляют гепатиты B и C, так как:

- они могут протекать бессимптомно десятилетиями;
- у 20-30% пациентов со временем развивается цирроз печени или рак печени;
- человек может быть источником инфекции, не зная о болезни.

По данным ВОЗ, более 350 млн человек в мире живут с хроническими гепатитами B и C. Своевременное выявление и лечение значительно снижают риск осложнений и позволяют вести полноценную жизнь.

**Как передаются вирусные гепатиты?**

- Через кровь: при использовании нестерильных инструментов (медицинские процедуры, татуировки, пирсинг, маникюр), при переливаниях крови от заражённого донора.
- От матери к ребёнку - во время беременности или родов.
- Половым путём - при незащищённых контактах.
- Гепатиты A и E дополнительно могут передаваться через воду и продукты, заражённые вирусом.

**Как защитить себя?**

- Вакцинация против гепатита B - самый эффективный способ защиты. Вакцина безопасна и обеспечивает длительный иммунитет. В России прививка входит в Национальный календарь и проводится детям и взрослым.
- Используйте только одноразовые или стерильные медицинские и косметологические инструменты.
- Соблюдайте правила личной гигиены - не пользуйтесь чужими бритвами, зубными щётками, маникюрными инструментами.
- Защищайте половые контакты.
- При поездках в страны с низким уровнем санитарии употребляйте только кипячёную или бутилированную воду и тщательно мойте продукты.

Тестирование - единственный способ вовремя выявить заболевание

Хронические гепатиты B и C часто протекают без симптомов, поэтому обследоваться нужно даже при отсутствии жалоб.

- Анализы на гепатиты можно сдать в государственных поликлиниках и частных лабораториях.
- Тестирование, как правило, проводится на платной основе. Стоимость зависит от региона и типа анализа.
- В отдельных регионах в рамках профилактических акций бывают дни бесплатного тестирования – информацию можно уточнить в медицинских организациях.

**Что включает тестирование?**

- Скрининг-анализ на антитела (anti-HBs, anti-HCV) – показывает, был ли контакт с вирусом.
- При положительном результате проводится ПЦР-диагностика - определяет наличие вируса в крови и его количество.
- При необходимости назначаются дополнительные исследования печени (УЗИ, биохимические анализы).

**Что делать при положительном результате?**

- Не паниковать - многие формы гепатита успешно лечатся современными препаратами.
- Обратиться к врачу-инфекционисту или гастроэнтерологу для уточнения диагноза и подбора лечения.
- Не откладывать визит к врачу - чем раньше начато лечение, тем выше его эффективность.

**Где узнать больше?**

- На сайте министерства здравоохранения РД.
- В поликлиниках и медицинских центрах по месту жительства.
- Врач-инфекционист или терапевт подробно расскажет о видах гепатитов, методах профилактики и вакцинации.

Берегите здоровье - пройдите обследование и убедитесь, что вы защищены. Помните: вирусные гепатиты легче предотвратить, чем лечить!

**А. Исмаилов,** врач - инфекционист

«ЦIумадисезул гьаракь» газеталъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго МухIамадшапи ЖахIбаровасда гьесул инсул яц къадаралде щвеялда бан. Аллгьас гьей иманалда тIойитIун ятаги, хъизан-лъималазе ва гIагарлъиялъе сабру кьеги.

# Порядок действий по сигналу «Ракетная опасность»

Сигнал «Ракетная опасность!» подается для предупреждения населения о возникшей непосредственной угрозе ракетной или авиационной опасности при угрозе поражения противником данного населенного пункта с воздуха. С этой целью используют все технические средства связи и оповещения, включаются электросирены с голосовым сообщением о «Ракетной опасности», происходит запуск звуковых сигналов, которые подают продолжительный звуковой сигнал, также задействуется и СМС-оповещение.

Услышав предупредительный сигнал «Ракетная опасность!» необходимо включить телевизор, радиоприемник где транслируется информация по порядку действий. Прослушав сообщение действовать необходимо быстро и без паники.

При «Угрозе ракетной опасности» необходимо покинуть открытые участки улиц, зайти в помещения и не подходить к окнам. Такой сигнал призывает жителей быть бдительными и по возможности не выходить на улицу. А при получении сигнала «Ракетная опасность» стоит укрыться в помещениях без окон со сплошными стенами (например, в коридоре, ванной или кладовой, если вы находитесь дома) или же спуститься в заглубленные помещения подземного пространства.

Сигнал отменят сразу, как обстановка станет безопасной.

При нахождении в доме, если нет возможности укрыться в заглубленном помещении подземного пространства:

-плотно закройте окна и в дальнейшем к ним не подходите.

-перекройте газ, воду, отключите электричество;

-укройтесь в комнате с несущими стенами, сев на пол у несущей стены на значительном удалении от окна, в идеале выбрать помещение без окон со сплошными стенами (ванная, коридор, туалет, кладовая).

При нахождении в доме, если есть возможность укрыться в заглубленном помещении подземного пространства:

-плотно закройте окна;

-перекройте газ, воду, отключите электричество;

-возьмите вещи первой необходимости (документы, мобильный телефон, деньги, банковские карты);

-предупредите соседей, вдруг они не услышали сигнал;

-окажите помощь больным, детям, инвалидам, престарелым.

При нахождении в автомобиле или общественном транспорте:

-остановите автомобиль (потребуйте от водителя общественного транспорта остановиться);

-покиньте автомобиль (общественный транспорт) и используйте для укрытия цокольные этажи ближайших зданий или сооружения (подвал, погреб, водоотводные дорожные трубы, другие искусственные укрытия).

При нахождении на улице:

-используйте для укрытия цокольные этажи ближайших зданий или сооружения (подземные водоотводные трубы, другие искусственные укрытия).

**Помните! Не подходят для укрытия:**

-места под автотехникой (легковыми и грузовыми автомобилями, автобусами);

-места под стенами домов, магазинов: от возможной взрывной волны сверху будет падать много стекла.

Безопасное расстояние от таких строений – 30-50 метров.

Ждите отмены сигнала!

**Расул Расулов,** специалист 1 категории АТК по району

Газпром

# Дагестанские газовые компании напоминают о своевременной проверке газового оборудования

Если вы используете в своем доме и квартире природный сетевой газ, то вам в обязательном порядке необходимо заключить договор на техническое обслуживание газового оборудования (ТО ВДГО), чтобы гарантировать дальнейшую безопасность в своем доме и не представлять угрозу для соседей.

На сегодняшний день безопасное газопотребление в республике Дагестан – в приоритете работы газовиков. Залогом безопасности потребителей газа является своевременно заключенный договор на техническое обслуживание и беспрепятственный доступ специалистов к газовому оборудованию с целью его проверки. Среди часто встречающихся нарушений в частных домах и квартирах: – неправильная внутренняя разводка, не соответствующие стандартам газификации шланги и соединения, самостоятельный перенос газовых плит, газовые колонки установленные в ванных комнатах либо в кухонных шкафах с плохой вентиляцией. И самое губительное и опасное – запрещенное, несертифицированное газовое оборудование.

ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает, что за отказ в допуске специалистов к проверке газового оборудования налагается административный штраф до 10 000 рублей.

Причины, по которым люди не пускают газовиков к себе в дом, могут быть разные. Одни, например, считают, что у них в доме всё итак хорошо и незачем проводить проверки, тем более платить за это деньги. Другие не пускают специалистов, потому что знают свои ошибки – или плита стоит не там, где не должна, или неправильно эксплуатируется газопровод. Часто бывает так, что хозяин живет в другом регионе, разыскать его не могут и информации о его месте нахождения нет. Когда появляется такой сосед, обязательно попросите его проверить состояние газового оборудования, чтобы спать спокойно и не ждать угрозы из соседней квартиры. Некоторые не пускают газовиков сознательно и не открывают потому что ведут несанкционированный отбор газа, имеют вмешательство в счётный механизм прибора учёта газа и прочее.

Между тем, утечки газа, взрывы и пожары происходят зачастую именно там, где не проводилась проверка внутридомового газового оборудования. Особенно страшно, если такие люди живут в многоэтажках, где чрезвычайная ситуация может принести урон десяткам невинных людей.

Согласно действующему законодательству, договор на ТО ВКГО/ВДГО обязателен для всех домохозяйств, в которых используется природный газ для бытовых нужд и имеется газоиспользующее оборудование - газовая плита, водонагреватель, котел. Отсутствие у потребителя газа такого договора является основанием в одностороннем порядке приостановить поставку газа.

Если заключению договора и проведению технического обслуживания есть вопросы, задать их можно по телефону Контакт – центра ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» 8-800-200-98-04 (в рабочие дни, в рабочее время).

**БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 8 (87273) 2-52-44**

**Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна**

**Техникияй редактор МухIамадова Батул МухIамадовна**

**Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4**

**«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697) Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.**

**Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А» Тираж - 999 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие) Адрес электронной почты GoIostsumady@maiI.ru**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола. Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ 05-00434 от 15 июля 2019 г.**